ZAMONAVIY ILM-FAN VA INNOVATSION TADQIQOTLARDA NATIJALAR MUHOKAMASI
XVI-RESPUBLIKA ILMIY-AMALIY KONFERENSIYA
YAKUNLARI BO'YICHA ILMIY ISHLAR TO'PLAMI
Issue - 5(2025) Available at www.uznauka.uz

# QARAQALPAQSTANDA 1940-1950 JILLARI REPRESSIYAǴA USHRAǴAN ULAMALAR

**Medetbayeva Biybimaryam**
QMU Mágistratura bólimi «Tariyx» qániygliginiń 2-kurs magistrantı

Ekinshi jáhán urısınan keyingi jıllarda buringi SSSR aymaǵında, sonıń ishinde, Ózbekstanda hám Qaraqalpaqstanda totalitar basqarıw jáne de kúsheyttirildi. Uristan aldınǵi dáwirde baslangan siyasiy repressiya siyasatı uristan keyin de toqtamadı, al jana basqıshqa kóterildi. Bul proceste xalıqtıń ásirler dawamında qáliplesken dástúrleri, qádiriyatları, diniy isenimleri hám ulamalardıń jumısı "eskiliktiń qaldıǵı" dep bahalanıp, quwdalaw astına alındı. Ásirese, diniy bilim iyeleri, eski mekteplerde bilim algan, xalıq awızeki dóretiwshiligi hám ádep-ikramlılıq qádiriyatlardı úgit-násiyatlagan adamlar sovet ideologiyası kózqarasınan "reakcion kúshler," "xalıqqa qarsı kúshler" [1]sipatında kórsetile basladı.

Bul jaǵday Qaraqalpaqstanda da óz kórinisin taptı. Aǵartıwshılıq hám din jolında xızmet etken, xalıq arasında abıray tapqan kóplegen ulamalar jala hám jalǵan ayıplawlar menen jazaǵa tartıldı. Olardıń ayırımları temir torlar artında ómir menen xoshlasqan bolsa, basqaları uzaq jıllar dawamında erkinen ayırıldı, mal-múlkleri konfiskaciya etildi, shańaraqları quwdalaw astında jasawǵa májbúr boldı.

Usınday jábirleniwshilerden biri Sálmen iyshan Kamal ulı edi. Ol óz zamanınıń abıraylı diniy bilim iyelerinen bolıp, xalıq arasında sawatlı hám ádep-ikramlılıqtı úgit-násiyatlawshı sıpatında tanılǵan. Sálmen iyshannıń "ayıbı" - eski usılda sauat alǵanı, iyshan balasınan bolǵanı hám adamlardı mánawiyatqa, ilimge

[1] Sh.Babashev Qaraqalpaqstan respublikasi tariyxindag'i siyasiy qurbanlar. No'kis. —Qaraqalpaqstan 2003 jil.

shaqırǵanında. Sovet ideologiyası ushin bul jagday "diniy reakcion kúsh" sipatında kórildi. Nátiyjede ol 1953-jılı Nókis qamaqxanasında qaytıs boldı. Onıń qaytıs bolıwı xalıqtıń kewlinde tereń iz qaldırdı.

Totalitar dúzim dáwirinde ayawsız jalalarǵa ushıraǵanlardıń jáne biri Purxan iyshan Qayıpnazar ulı boldı. Ayırım sawacız ósekshiler hám jergilikli hámeldarlardıń jalaları nátiyjesinde ol "Irannan kelgen jansız" dep járiyalandı. Oǵan Ózbekstan SSR Jınayat kodeksiniń 57, 66 hám 67-statyaları tiykarında eń awır jaza - ólim hám múlkin konfiskaciyalaw jazası belgilendi. Al, Purxan iyshannıń jansızlıq iskerligi menen baylanısı joq edi - bul tek ǵana siyasiy repressiya mexanizminin gezektegi qurbanı edi.

Diniy-aǵartıwshılıq tarawında pidayı xızmet etken Allanazar axun Qosnazar ulı da repressiya siyasatınıń qurbanına aylandı. 1950-jılı Xojeli qalasında xalıq oni meshitke imam etip tayınlaǵannan keyin, rásmiy organlar tárepinen bul xizmet qadaǵan etilip, ol 66-statya menen jazalandı. Usı jerde jáne bir áhmiyetli dálilge itibar qaratıw lazım. Óz waqtında Shayxı axun, Qazı Jádirsin hám Dárwishxoja isimli shaxslar tárepinen tiyisli uyımlarǵa - atap aytqanda, mámleketlik qáwipsizlik uyımlarına - jazılǵan arzada diniy ulama Allanazar axun Qosnazarov "pútkil dúnya musılmanların Sovet húkimetine qarsı birlesiwge shaqırmaqta" degen mazmunda awır ayıplawlar bildirilgen edi. Áyne usı múrájat tiykarında Allanazar axun Ózbekstan SSR Jınayat kodeksiniń 66-statyası 1-bólimi boyınsha eń awır jazaǵa - ólimge húkim etiledi.

Soǵan qaramastan, ol ádalasızlıqqa qarsı narazılıq bildirip, tiyisli sud uyımlarına bir neshe márte múrájat etedi. Dáslep, húkim atıwǵa húkim etiwden 25 jıllıq qamaq jazası menen almastırıladı. Keyingi shaǵım nátiyjesinde, 25 jıl 15 jılǵa

qısqartıladı. Al, sońǵı arzanıń izinen, aqırında, haqıyqatlıq jeńip shıǵadı: 1956-jıl 5-iyulde SSSR Joqarǵı Soveti Prezidiumı komissiyasınıń qararı menen, 1956-jıl 24-marttaǵı SSSR Joqarǵı Soveti Prezidiumınıń arnawlı pármanına muwapıq[2], Allanazar axun Qosnazarov tolıq aqlanıp, qamaqtan azat etiledi.

Bul waqıya tek ǵana repressiya siyasatınıń mánisin ashıp bermey, al ádillik hám haqıyqatlıq ushın alıp barılǵan úzliksiz gúres mısalında, diniy hám ruwxıy pidayılardıń mártligin kórsetedi. Keyin ala, ol 1956-jılı aqlanıp, azatlıqqa shıǵarıldı,bıraq dinnen bezeseń dep jáne quwdalay baslaydı.

Solay etip,1975-jılǵa shekem Turkmenstanlı yar-dosları arasında bolıp,elin tárk etedi. biraq onıń ómiri hám xızmeti Sovet dáwiriniń ádalasızlıǵı menen mórlengen edi.Ómiriniń sońǵı jıllarıń azatlıqta ótkerip, 1991-jılı qaytıs boldı.

Jáne bir ibratlı insan - Qálimbet axun Ótemurat ulı edi. Ol ilimge jaqın, diniy sawatlı insan bolıp, óz zamanınıń bilimli ulamaları sıpatında tanılǵan. 1952-jılı 10-aprelde oǵan 66-statyanıń 2-bólimi tiykarında 25 jıl erkinen ayırıw, 5 jıl siyasiy huqıqlardan ayırıw jazası tayınlandı. Biraq bul húkim 1956-jılı SSSR Joqarı Sudı Áskeriy Kollegiyası tárepinen biykar etilip, ayıplaw tiykarsız dep tabıldı.

1951-jılı Sálmen iyshan qamaqqa alınǵannan soń, Qálimbet axun ózine de gezek keletuǵının sezip júrgenligin aytadı[3]. Kóp ótpey ol da qamaqqa alınadı. Tergew dawamında oǵan basım ótkerilip, ákesiniń Awǵanstanǵa ketkeni, óziniń dinge qızıǵıwshılıǵı sıyaqlı jaǵdaylar asırıp ayıplawǵa tiykarlanadı. Tiykarsız túrde "shet el jansızı" dep já????? — 

[2] T..Ábdimuratov Repressiyag‘a ushirag‘an ulamalar Nókis. —Qaraqalpaqstan‖ 1992 jil.61-62-betlar.

[3] T..Ábdimuratov Repressiyag‘a ushirag‘an ulamalar Nókis. —Qaraqalpaqstan‖ 1992 jil.67-78-bb.

Tergewshiler tárepinen basım astında jazılǵan jalǵan gúwalıqlar tiykarında sud húkimi shıǵarıladı.

Qálimbet axun Ótemuratov dáslep Sibirdiń Tayshet, keyin Lena dáryası boyındaǵı lagerlerde awır sharayatlarda boladı. 1953-jılı Stalinniń óliminen soń baslangan siyasiy jeńillik procesinde isi qayta kórip shıǵılıp, aqlanadı hám azat etiledi. Ózi moyınlamaǵan ayıplardı moyınlawına tergewdegi qıynawlar hám ulamalardıń kóz aldında qaytıs bolıp atırǵanı sebep bolǵanın aytadı.

Súrginnen qaytıp kelip, shańaraq aǵzaların Nókis qalasında tabadı. Soń Shımbaydaǵı "Xan" meshitinde jáne imamlıq etedi. Biraq 1960-jıllarda onı jáne quwdaladı: "dinnen shıqtım" degen bayanatın májbúrlep ayttırıp, radioshunıslar arqalı abıroyın tómenletedi. Bul haqıyqatlıqtı buzıw bolsa da, Qálimbet axun óz isenimine sadıq qaladı. Onı qamaqqa alıwga sebep bolgan tergewshiler bolsa hesh qanday juwapkershilikke tartılmaydı. Ol insan ómirin ilim hám sabır menen dawam ettirip, 1990-jılı 101 jasında qaytıs boldı.

Tórtkúl rayonındaǵı "Inqılab" kolxozında jasaǵan, xalıq arasında itibarǵa ılayıq bolǵan din basshısı Orın Vapaev 1937-jılı birinshi márte, al 1949-jılı ekinshi márte "kontrrevolyuciyalıq" ayıplaw menen qamaqqa alınadı[4]. Dáslep Arxangelskke, soń Qazaqstannıń Qostanay wálayatına súrgin etiledi.

Tek ǵana 1989-jil 10-iyulde Ózbekistan SSR prokuraturası tárepinen tolıq aqlanadi. Onıń ómiri Qaraqalpaqstan jerinde eki ret repressiya tolqının basınan ótkergen mıńlaǵan pidayılar turmısınıń ayqın úlgisi bolıp esaplanadı.

Tórtkúl rayonındaǵı Kirov atındaǵı xojalıqta tuwılǵan Imamatdin Sadiratdinov ta óz ómirin haqıyqat izlep ótkergenlerden biri. 1937-jil 15-

[4] Sh.Babashev Dóhmet degishi. No‘kis. ―Qaraqalpaqstan‖ 2009 jil.

sentyabrde NKVD tárepinen qamaqqa alınıp, "kontrrevolyuciyalıq shólkem"de qatnasqanlıqta ayıplanadı. Ol 10 jılǵa erkinen ayırıladı. 1944-jılı SSSR NKVDsi basshısı Lavrentiy Berıyaǵa jazgan arzasında ol tergew procesinde zorlıq, basım hám ádalasızlıqlardı ashıqtan-ashıq bayan etedi. Ol tintiwde hesh qanday nızamsız materiallar tabılmaǵanın, tek ǵana ákesiniń molla bolǵanı ushın ayıplawlar toqılǵanın jazadı.

Biraq bul arza da nátiyje bermeydi. NKVD tergewshileri tárepinen onıń isi qayta kórip shıǵılmaydı. Arxangelsk wálayatındaǵı lagerde tártipli, belsendi hám hadal bolıp júrgenine qaramastan, jaza múddeti tolıq óteledi. Bunday jaǵdaylar, on mıńlaǵan adamlardıń ómirinde tákirarlanǵan: azap, jekkeleniw hám ádalasızlıq.

Ózbekstan Respublikası Prezidenti Shavkat Mirziyoyev bul ayanıshlı tariyxtı umıtpaw, xalıqtıń yadında saqlaw hám jas áwladtı haqıyqat súyiwshilik ruwxında tárbiyalawǵa ayrıqsha itibar bermekte. Ol bılay degen edi:

"Repressiya qurbanları haqqında haqıyqattı tiklew - bul tariyx aldındaǵı, xalıq aldındaǵı minnetimiz. Ádillikti tiklemey turıp, bekkem jámiet qurıp bolmaydı.

Bul azaplı tariyxtı umıtpawımız, jaslarımızǵa sabaq sıpatında jetkeriwimiz zárúr. Milletti oyatatuǵın, onı sanalı, hújdanlı, haqıyqatshıl etip tárbiyalaytuǵın kúsh - bul tariyxıy yad bolıp esaplanadı."[5]

XX ásirdiń 30-40-jıllarında mámleketimizdıń diniy-ruwxıy turmısında tereń iz qaldırǵan qayǵılı dáwir bolıp, bul dáwirde júzlegen biygúna diniy ulamalar sovet dúzimi tárepinen tiykarsız túrde "xalıq dushpanı," "milletshi," "reakcioner" sıyaqlı jalǵan ayıplawlar menen jazaǵa tartıldı. Sálmen iyshan Kamalov, Purxan

[5] O‘zbekiston Respublikasi Prezidenti Shavkat Mirziyoyevning 2021-yil 31-avgustdagi “Qatag‘on qurbonlari xotirasi kuni” munosabati bilan yo‘llagan murojaati // president.uz — https://president.uz/uz/lists/view/4616.

iyshan Qayıpnazarov, Qálimbet axun Ótemuratov, Allanazar axun Qosnazarov sıyaqlı basqa kóplegen óz dáwiriniń sawatlı, xalıq arasında abıray-mártebege iye bolǵan diniy ulamalar táǵdiri bunı ayqın kórsetedi. Olardıń kópshiligi diniy-aǵartıwshılıq jumısı, xalıq arasındaǵı abırayı hám erkin pikirleri sebepli repressiyaǵa ushıraǵan. Bul maqala arqalı bul ulamalardıń ómiri, jumısı, olarǵa ámelge asırılǵan repressiv háreketler, tergew hám sud processleri, sonday-aq, keyin ala olardıń atı aqlanǵanı sáwlelendirildi. Búgingi kúnde olardıń tariyxıy haqıyqatlıǵın tiklew, atların aqlaw hám esteligin máńgilestiriw - tek ǵana tariyxıy ádillik emes, al milliy yadtıń tikleniwi bolıp esaplanadı. Bul ilimiy estelik jas áwladtı ruwxıy jetiklik, watansúyiwshilik hám ádillik ruwxında tárbiyalawda áhmiyetli orın iyeleydi.

## Paydalanǵan Ádebiyatlar

1. T.Ábdimuratov Repressiyag‘a ushirag‘an ulamalar Nókis. ―Qaraqalpaqstan‖ 1992 jil.
2. Sh.Babashev Qaraqalpaqstan respublikasi tariyxindag‘i siyasiy qurbanlar. No‘kis. ―Qaraqalpaqstan‖ 2003 jil.
3. Sh.Babashev Dóhmet degishi. No‘kis. ―Qaraqalpaqstan‖ 2009 jil.
4. O‘zbekiston Respublikasi Prezidentining rasmiy veb-sayti. “Qatag‘on qurbonlari xotirasi – milliy o‘zlik ramzidir” (Prezident Sh.M. Mirziyoyevning nutqidan). – URL: https://president.uz/uz/lists/view/ 1786.
5. IV.5 Qatag‘on qurbonlari: tarixiy adolat tiklanmoqda. ZiyoNET ta’lim portali. – URL: https://ziyonet.uz/uz/news/ qatagon-qurbonlari.